दिन–गुरूवार दिनांक–15.01.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे भारत मे लोकतंत्रक अर्थ अछि अंतिम छोर धरि सेवा पहुचायब अछि आ सरकार एहि दिशा मे बिना कोनो भेदभावक प्रत्येक व्यक्तिक हित मे काज कऽ रहल अछि। श्री मोदी नव दिल्लीक संविधान सदन मे राष्ट्रमंडल देशक संसदक अध्यक्ष आ पीठासीन अधिकारी लोकनिक सम्मेलन के संबोधित कऽ रहल छलाह। प्रधानमंत्री जनौलनि जे देश विविधता के अपन ताकत बनौलक आ सभ सँ बेसी शीघ्रता सँ बढ़ैत प्रमुख अर्थव्यवस्थाक रूप मे उभरल। श्री मोदी कहलनि जे भारत वैश्विक मंच पर वैश्विक दक्षिणक मुद्दा के मजगूती सँ उठा रहल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार काल्हि सँ समृद्धि यात्रा पर निकलताह। ई यात्रा पश्चिम चंपारण जिला सँ प्रारंभ होयत। समृद्धि यात्राक पहिल चरण चौबीस जनवरी धरि चलत। यात्राक क्रम मे मुख्यमंत्री पूर्वी चंपारण, सीतामढ़ी, शिवहर, गोपालगंज, सीवान, सारण, मुजफ्फरपुर आ वैशाली जिलाक दौरा करताह। एहि दरमियान मुख्यमंत्री विभिन्न विकास परियोजना सभक समीक्षा करताह।

---

राज्य सरकार सरकारी जमीनक अवैध जमाबंदी के पैंतालीस दिनक भीतर रद्द करबाक निर्देश सभ अपर समाहर्ता के देलक अछि। राजस्व आ भूमि सुधार विभागक अपर मुख्य सचिव सी.के. अनिल द्वारा एहि संबंध मे जारी निर्देश मे कहल गेल अछि जे जाहि अंचलाधिकारीक कार्यकाल मे जमाबंदी भेल अछि हुनका पर कार्रवाई सुनिश्चित कयल जायत।

---

प्रदेश मे परमाणु बिजली घर बनेबाक लेल प्रारंभिक सर्वेक काज पूरा भऽ गेल अछि। बांका, नवादा आ सीवान मे परमाणु बिजली घर बनेबाक लेल पछिला वर्ष सर्वेक काज आरंभ भेल छल। ऊर्जा मंत्री विजेन्द्र प्रसाद यादव कहलनि जे परमाणु बिजली घर बनेबाक लेल सर्वे रिपोर्ट भेटि गेल अछि आ केन्द्र सरकार के एहि रिपोर्टक जनतब देल जा रहल अछि।

———————————————————

आइ अठहत्तरिम सेना दिवस के अवसर पर जयपुरक जगतपुरा मे एक भव्य परेडक आयोजन कयल गेल। एहि अवसर पर सेना प्रमुख जनरल उपेन्द्र द्विवेदी देशक सेवा मे अपन सर्वोच्च बलिदान देबयवला बहादूर सैनिकक परिवार के सेना मेडल देलनि।

———————————————————

सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म एक्स आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस—एआई चैटबॉट ग्रोक कँ मददि सँ लोक सभक फोटो सभकँ आपत्तिजनक ढंग सँ एडिट करबा पर रोक लगा देलक अछि।

———————————————————

मधुबनी जिला मे प्रधानमंत्री जनआरोग्य योजना आ मुख्यमंत्री जनआरोग्य योजनाक अंतर्गत आयुष्मान कार्ड बनेबाक लेल काल्हि सँ विशेष अभियान प्रारंभ होयत। जिलाधिकारी आनंद शर्मा जनौलनि जे एकतीस जनवरी धरि चलयवला एहि अभियानक दरमियान प्रत्येक पंचायत आ गाम मे संचालित कॉमन सर्विस सेंटर पर शिविर आयोजित कऽ निःशुल्क आयुष्मान कार्ड बनाओल जायत। ओ जनौलनि जे सत्तरि वर्ष आ ओहि सँ बेसी आयु कँ सभ वरिष्ठ नागरिक सभक आयुष्मान वयवंदन कार्ड सेहो बनाओल जायत।

———————————————————

प्रदेशक कतेको भाग मे आइ सेहो मकर संकरातिक पावनि पारंपरिक श्रद्धाक संग मनाओल जा रहल अछि। राजनीतिक दल सभक दिस सँ आइ सेहो दही—चूड़ा भोजक आयोजन **कयल गेल**। लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक अध्यक्ष आ केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान दिस सँ आयोजित भोज मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, भाजपाक कार्यकारी अध्यक्ष नितिन नबीन आ भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी सहित एनडीएक कतको वरिष्ठ नेता सम्मिलित भेलाह। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जदयू विधायक चेतन आनंद के दिस सँ आयोजित भोज मे सेहो सम्मिलित भेलाह।

———————————————————————————

प्रदेश अधिकतर भाग मे रौद निकलबा सँ लोक सभ कैँ ठंढा सँ राहत भेटल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल जे अगिला दू सँ तीन दिनक बाद अधिकतम तापमान मे क्रमिक रूप सँ वृद्धि होयत।

———————————————————————————

सुपौल जिलाक करजाईन थाना क्षेत्रक मोतीपुर पंचायत मे आगि लागि जयबा सँ छओ घर जरिकऽ नष्ट भऽ गेल। अगिलगीक घटना मे लाखो टाका मूल्यक संपत्तिक नोकसान भेल अछि।

———————————————————————————

समाप्त